

Lachas Fòm

Jwè 1+



Laj 3+




5-10 min

OBJEKTIF

Timoun yo chèche fòm yo wè alantou yo.

MATERYÈL

Blòk Fòm oswa dekoupaj pou itilize kòm egzanp



VOKABILÈ



Sèk



Triyang



Rektang



Kare



Trapèz



Lozanj



Pentagòn



Egzagòn



Oktagòn

KESYON

Ki jan ou te fè jwenn fòm ou an?

Ki jan ou te fè konnen ke fòm ou an se yon triyang?

Ki jan fòm ou te jwenn la sanble ak fòm mwen te montre a?

Ki jan fòm ou te jwenn diferan de fòm mwen te montre a?

KÒMAN POU JWE

1. Kòmanse pa montre timoun yo fòm yo pral "chèche" a. Ou ka mande, "Kisa w remake de fòm sa a? Konbyen kote li genyen? Èske kote yo dwat oswa koube? Konbyen kwen oswa somè?"
2. Yon fwa timoun yo abitye ak fòm nan, fè yo eksplòre espas ki antoure yo a epi jwenn yon objè ki gen fòm sa a.
3. Si sa posib, mande timoun yo pou yo pote objè oswa fòm yo a

tounen nan gwoup la. Oswa, yo ka pran yon foto li oswa trase li..

4. Fè timoun yo dekri objè oswa fòm yo a. Mande ki jan objè yo a sanble ak ki jan li diferan de fòm ou te montre yo a..
5. Chwazi yon nouvo fòm pou yo jwenn!

KONSÈY POU JWE

- Si ou nan yon ti espas, ou ka mete fòm yo sou yon tab epi fè timoun yo chwazi fòm ki matche ak siy ou a.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Mond nou an konpoze de fòm, e timoun yo renmen remake fòm yo epi pale sou yo. Atis, achitèk, ak enjenyè itilize fòm pou konpoze travay yo.
- Timoun yo ap devlope vokabilè yo ak konpetans langaj yo. Epi, yo ap pratike yon abitud lespri matematik enpòtan nan bay deskripsyon egzak sou sa yo wè lè yo sèvi avèk bon prèv.

ATRIBI FÒM



Sèk

Pa gen somè oswa kwen, koub la toujou nan menm distans parapò ak yon pwèn santral.



Triyang

Egzakteman 3 kote dwa.



Rektang

Egzakteman 4 kote dwa, 4 ang dwa (tankou kwen nan yon moso papyè).



Kare

Egzakteman 4 kote dwa epi ki egal, ak 4 ang dwa.



Trapèz

Egzakteman 4 kote dwa, yon pè kote opoze ki paralèl (tankou ray tren yo).



Lozanj

Egzakteman 4 kote dwa epi ki egal, toulede pè kote opoze yo paralèl (tankou ray tren yo).



Pentagòn

Egzakteman 5 kote dwa.



Egzagòn

Egzakteman 6 kote dwa.



Oktagòn

Egzakteman 8 kote dwa.

* Yon nòt sou vokabilè a: Yon somè (pliryèl somè yo (vur-tuh-seez)) se kote de (2) kote rankontre. Yon ang se espas ki genyen ant kote de (2) liy rankontre. An jeneral, yo mezire ang yo an degre. Pa egzanzp, yon kare gen kat (4) somè ak kat (4) ang 90° .

SIJÈ MATEMATIK

Fòm ak Jeyometri

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Lachas Fòm*.